

BAB IV
PEDARAN JEUNG HASIL PANALUNGTIKAN
ADEGAN KALIMAH PANANYA
DINA KUMPULAN CARPON AJALNA SANG BÉNTANG PILEM
KARANGAN DUDUH DURAHMAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) data kalimah pananya anu aya dina kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem*. (2) adegan pragmatis, jeung (3) ma'na pragmatis.

4.1 Data Kalimah Pananya *Ajalna Sang Béntang Pilem*

Dumasar kana hasil analisis data tina kumpulan carpon *Ajalna Sang Bentang Pilem* kapanggih aya 346 kalimah pananya. Sangkan leuwih jéntré titénan tabel ieu dihandap.

Tabel 4.1

DATA KALIMAH TANYA DINA KUMPULAN CARPON
AJALNA SANG BÉNTANG PILEM KARANGAN DUDUH DURAHMAN

NOMER	KALIMAH TANYA
01.	Aya nu tunggu di ditu? (MIR/9/5/4)
02	Aya ténsoplas? (MIR/13/5/1)
03	Aya naon atuh pa? (MIR/22/1/4)
04	Ayeuna tanggal sabaraha? (MIR/23/1/9)

05	Atuh da émang kitu kanyataanana, kedah kumaha deui? (MIR/24/7/1)
06	Aya naon? (ASBP/28/4/1)
07	Asupna kadieu maké serat ondangan? (ASBP/31/2/1)
08	Ah, sahanya? (LHR/43/4/1)
09	Ayeuna nuju aya di dieu? (LHR/45/5/3)
10	Ari letnan pulisi lain? (NMJMN/51/7/1)
11	Ayeuna kahayang Nendah kudu kumaha? (NMJMN49/7/1)
12	Ari kitu?(NMJMN/53/...)
13	Aya nu ngajebeurkeun? (NMJMN/54/6/1)
14	Ayeuna dirampog? (RDLK/62/3/4)
15	Ari marukan Idik naon? (NAD/96/5/2)
16	Atawa boga musuh? (NAD/98/6/2)
17	Ari lalakon Burhan Garmana kumaha cenah barang indit napika balik deui? (NAD/101/4/2)
18	Aya naon atuh? (KADBD/110/7/1)
19	Aya jalma anu nyamar ngaku-ngaku kapten Juabaedi? (KADBD/110/2/2)
20	Aya jalma anu pantes dicuriga? (KADBD/111/2/5)
21	Ayeuna pamaksadan ayi kumaha? (KADBD/112/3/1)
22	Ari mimiti kapanggihna kapten Jubaedi kumaha? (KADBD/114/5/1)

23	Aya kamungkinan A Hiaw hirup keneh? (MGGK/ 125/1/2)
24	Aya kamungkinan A Hiaw salamet? (MGGK/ 125/6/5)
25	Aya dimana didinya antara tabuh sawelas, dua welas? (D/129/6/1)
26	Aya deui nu dicuriga lian ti manéhna? (D/130/1/2)
27	Ari éta anu ngaranna aneh téa? (RIA/137/3/1)
28	Bapa aya maksud? (MIR/15/2/2)
29	Bade di mana atuh? (MIR/19/6/2)
30	Bade kumaha Pa Kusmana? (MIR/20/9/3)
31	Bade angkat? (ASBP/36/5/3)
32	Bade saha deui milari nu gadung dosa? (NMJMN/50/12/2)
33	Boh mobil,boh motor? (RDLK/66/9/3)
34	Bijil tina sela-sela cadas? (RDLK/71/3/7)
35	Bapa uninga tempatna? (RDLK/76/1/5)
36	BAHD lain? (NAD/96/3/4)
37	Balik deui sanggeus dua bulan ngaleungit diculik? (NAD/98/8/2)
38	Barang-barang nu kapnggih ti panganjrekan eta lalaki? (NAD/101/3/7)
39	Baruk? (NAD/102/7/2)
40	Boa enya si Jumadi? (KADBD/109/6/1)
41	Basa operasi ngarebut basis musuh téa, kumaha éta téh? (KADBD/111/6/1)

42	Basa nelepon lampu pareum keneh? (MGGK/124/6/1)
43	Bapa curiga? (D/131/9/1)
44	Bener éta? (RIA/135/6/4)
45	Cik, saha wae pangeusi imah dokter Darmaji Eh? (LHR/42/9/3)
46	Ceuk abdi téh ari letnan pulisi, lain? (NMJMN/53/3/2)
47	Ceuk saha? (NMJMN54/8/1)
48	Cik kumaha ieu téh kajadianana? (RDLK/64/3/2)
49	Caliweura kumaha? (RDLK/64/9/1)
50	Cik, nurutkeun itungan ti palebah mana rampog megatna? (RDLK/67/5/1)

Jts (Ilikan dina lampiran)

4.2 Adegan Pramatis Kalimah Pananya

Adegan kalimah pananya mangrupa wujud kalimah anu diwangun ku jejer, caritaan, obyék, jeung katerangan, boh ngandung panglengkep atawa henteu. Tina hasil analisis data kapanggih aya 5 pola kalimah pananya saperti diébréhkeun ieu di handap.

4.2.1 Pola 1 : kal Pany → Kp+C+Tnd Pany

Pola 1 dibaca nya éta kalimah pananya diwangun ku kecap pananya ditambah ku caritaan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 143 kalimah pananya pola 1 (41,3%). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan ieu di handap.

1. (03) Aya naon atuh Pa? (MIR/22/1/4)
2. (45)Cik saha waé pangeusi imah Dokter Darmaji téh?(LHR/42/9/3)
3. (60) Di mana ayeuna supir Udin? (LHR/41/5/3)
4. (96)Iraha Pa Kusmana tepang pangahirna sareng saha, muhun Darsono? (MIR/21/2/1)
5. (118) Kunaon sesah hirup? (MIR/13/8/1)
6. (123) Kumaha waé sarat-saratna? (MIR/14/4/2)

Tina korpus data 1-6 di luhur aya genep rupa kecap pananya nya éta *naon, saha, di mana, iraha, kunaon, jeung kumaha*. Kalimah pananya (1), upamana, bisa dianalisis kieu

Kumaha waé sarat-saratna?
Kp C

4.2.2 Pola 2 : kal Pany → C+Kp+Tnd Pany

Pola 2 dibaca nya éta kalimah pananya diwangun ku caritaan ditambah ku kecap pananya. Tina hasil analisis data kapanggih aya 29 kalimah pananya pola 2 (8,4 %). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan ieu dihandap.

1. (04) Ayeuna tanggal sabaraha? (MIR/23/1/9)
2. (05) Atuh da é mang kitu kanyataannana kedah kumaha deui?
(MIR/24/7/1)
3. (15) Ari marukan Idik naon? (NAD/96/5/2)
4. (64) Dupi Letnan Angga ka mana? (RDLK/66/6/3)
5. (177) Listrik pareum nepika iraha? (MGGK/122/6/1)
6. (73) Éta dampal leungeun kécana tilas diplester, kunaon?
(MIR/12/4/1)
7. (339) Tapi keur saha? (D/128/3/8)

Tina korpus data 1-6 di luhur aya genep rupa kecap pananya nya éta *sabaraha, kumaha, naon, ka mana, iraha, kunaon, jeung saha*. Kalimah pananya (2), upamana, bisa dianalisis kieu

Éta dampal leungeun kécana tilas diplester, kunaon? .
C Kp.

4.2.3 Pola 3 : kal Pany → C+Kp+C+Tand Pany

Pola 3 dibaca nya éta kalimah pananya diwangun ku caritaan ditambah ku kecap pananya jeung ditutup ku caritaan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 12 kalimah pananya pola 3 (3,4%). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan ieu di handap.

1. (17) Ari lalakon Burhan Garmana kumaha cenah barang indit nepika balik deui? (NAD/101/4/2)

2. (50) Cik numutkeun itungan ti palebah mana rampog megatna?
(RDLK/67/5/1)
3. (179) Muhun naha kitu Pa? (MIR/12/3/1)
4. (289) Sugan kanyahoan ti mana daratangna? (RDLK/74/7/1)
5. (344) Utang di mana ayeuna? (D/129/9/2)

Tina korpus data 1-5 di luhur aya lima rupa kecap pananya nya éta *kumaha, mana, naha, ti mana* jeung *di mana*. Kalimah pananya (2), upamana, bisa dianalisis kieu

Ari lalakon Burhan Garmana kumaha cenah barang indit nepika balik deui?
C Kp C

4.2.4 Pola 4: Kal Pany min: Kp+Tnd Pany

Pola 4 dibaca nya éta kalimah pananya diwangun ku kecap pananyana wungkul. Tina hasil analisis data kapanggih aya 39 kalimah pananya pola 4 (11,2%). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan ieu di handap.

1. (06) Aya naon? (ASBP/28/4/1)
2. (81) Éta kunaon? (MGGK/124/3/2)
3. (166) Kumaha Pa? (KADBD/114/6/2)
4. (208) Naha? (NMJMN/51/5/1)
5. (232) Nyaho ti mana? (NAD/96/6/2)
6. (310) Saha? (KADBD/111/2/7)

Tina korpus data 1-6 di luhur aya genep rupa kecap pananya nya éta *nao, kunaon, kumaha, naha, ti mana* jeung *saha*. Kalimah pananya (3) Mangrupa kecap pananya nu geus ngandung kalimah pananya.

4.2.5 Pola 5: Kal Pany tan Pany: Kal War +Tnd Pany

Pola 5 dibaca nya éta kalimah pananya nu diwangun teu make kecap pananyana. Tina hasil analisis data kapanggih aya 123 kalimah pananya pola 5 (35,5%). Sangkan leuwih jéntré bisa diténan ieu di handap.

1. (07) Asupna ka dieu teu make serat ondangan? (ASBP/31/2/1)
2. (10) Ari letnan Pulisi lain? (NMJMN/54/6/1)
3. (19) Aya jalma anu nyamar ngaku-ngaku kapten Jubaédi?
(KADBD/10/2/2)
4. (28) Bapa aya maksad? (MIR/15/2/2)
5. (34) Bijilna tina sela-sela cadas? (RDLK/71/3/7)
6. (38) Barang-barang anu kapanggih ti panganjrekan éta lalaki?
(NAD/101/3/7)
7. (40) Boa enya si Jumadi? (KADBD/109/6/1)
8. (43) Bapa curiga? (D/131/9/1)
9. (67) Dik identitas si Jambros geus kapaluruh? (NAD/102/8/1)
10. (74) Émut kénéh Pa Kusmana moe3lna, warnana, sapatu anu
dianggo ku Darsono? (MIR/21/3/8)

Tina korpus data 1-10 di luhur aya 10 kalimah pananya anu teu make kecap pananya..

4.3 Ma'na Pragmatis Kalimah Pananya

Ma'na pragmatis kalimah pananya nya éta ma'na anu dikandung ku kalimah pananya disawang tina konteks atawa ma'na kalimahna. Tina hasil analisis data kapanggih aya 14 ma'na kalimah.

4.3.1 Kalimah Pananya 'Kaayaan'

Ieu kalimah pananya nanyakeun kaayaan hiji barang, hal atawa kajadian. Ilaharna maké tanda ku kecap pananya *kumaha*, jeung *aya naon*. Tina hasil analisis data kapanggih aya 58 kalimah pananya kaayaan (16,7%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (29)Bade Angkat ? (ASBP/36/5/3)
2. (42) Basa nelepon lampu pareum kénéh ? (MGGK/124/6/1)
3. (92) Geus lila hahadéan jeung Winarti ?(D/130/6/4)
4. (127) Kumaha dedegannana ? (ASBP/30/1/2)
5. (131) Kumaha kitu Pa ? (LHR/46/6/4)
6. (140) Kus nanaonan ieu téh ? (RDLK/58/1/1)
7. (160) Kumaha kaayaan usahana Garmana ? (NAD/98/5/2)
8. (289) Si Udin kumaha ? (LHR/42/41)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun kaayaan. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *kumaha*.

4.3.2 Kalimah Pananya ‘Waktu’

Ieu kalimah pananya pikeun nanyakeun waktu kajadian. Tina hasil analisis data kapanggih aya 9 kalimah pananya waktu (2,6%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (117) Ké taun sabaraha nya? (MIR/9/10/2)
2. (177) Listrik pareumna nepi ka iraha?(MGGK/124/5/1)
3. (319) Tabuh sabaraha nya?(ASBP/30/6/6)
4. (326) Tabuh sabaraha kajadiannana? (DSTG/81/2/1)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun waktu kajadian. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *iraha, sabaraha*.

4.3.3 Kalimah Pananya ‘Negeskeun’

Ieu kalimah pananya pikeun negeskeun naon waé anu ditanyakeun. Tina hasil analisis data kapanggih aya 107 kalimah pananya waktu (30,9%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (9) Ayeuna nuju aya di dieu?(LHR/45/5/3)
2. (10) Ari letnan pulisi lain? (NMJMN/51/7/1)
3. (23) Aya kamungkinan A Hiauw hirup kénéh? (MGGK/125/1/2)

4. (44) Bener éta? (RIA/135/6/4)
5. (79) Enya didinya kungsi paséa jeung Bill?(TKMS/92/6/2)
6. (158) Kaasup kabiasaanana udud ganja ? (TKMS/93/1/1)
7. (168) Ku A Hiaw ditagih terus ? (MGGK/123/6/7)
8. (183) Mabok sugan ? (RDLK/64/11/2)
9. (187) Maksud bapa ? (NAD/98/5/3)
10. (265) Pamajikanana? (NAD/97/7/1)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya negeskeun téh pikeun negeskeun naon waé anu ditanyakeun. Dina kalimah pananya ieu teu sakabéh kalimah pananyana maké kecap pananya..

4.3.4 Kalimah Pananya ‘Tempat’

Ieu kalimah pananya pikeun nanyakeun hiji tempat kajadian. Tina hasil analisis data kapanggih aya 17 kalimah pananya waktu (4,9%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (266) Panganjrekanana? (NAD/101/3/8)
2. (29) Bade di mana atuh? (MIR/19/6/2)
3. (58) Di mana mayitna? (MIR/9/4/6)
4. (341) Timana? (RIA/136/2/1)
5. (344) Utang dimana ayeuna? (D/129/9/2)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun tempat kajadian. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *di mana*.

4.3.5 Kalimah Pananya ‘rasa’

Ieu kalimah pananya dipaké pikeun nanyakeun hiji rasa kawas kaahengan, bingung, jeung asa-asa. Tina hasil analisis data kapanggih aya 26 kalimah pananya rasa (7,5%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (84) Geuningan tiasa? (MIR/14/4/1)
2. (166) Ké saha téa bapa téh? (MIR/9/10/2)
3. (184) Moal ka Padaherang heula ka letnan Angga? (RDLK/76/1/3)
4. (210) Naha bet tahanan anu disangka? (NMJMN/50/6/1)
5. (268) Piraku aing henteu senang? (KADBD/113/4/5)
6. (291) Saha kolot nu teu ngarasa bungah? (NMJMN/48/2/4)
7. (346) Yakin nu ngadelewo lebah cacangkedna téh sapatu kénca?
(MIR/12/2/2)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun hiji rasa. Dina kalimah pananya ieu teu sakabéh kalimah pananyana maké kecap pananya.

4.3.6 Kalimah Pananya ‘tindakan’

Kalimah pananya anu ngabogaan ma’na pragmatis tindakan nanyakeun hiji hal nu pakait jeung tindakan atawa paripolah. . Tina hasil analisis data kapanggih aya 13 kalimah pananya tindakan (3,7%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (32) Bade saha deui milari nu gadung dosa? (NMJMN/50/12/2)
2. (100) Ieu naon maksudna ? (D/129/1/3)
3. (155) Keur naon ?(TKMS/90/8/2)
4. (212) Naon maksud bapa teh? (NMJMN/51/8/1)
5. (247) Nanaonan eta jelema, saha téh, enya Jumadi, sersanJumadi kikituan? (KADBD/114/2/3)
6. (269) Rék naon deui? (NMJMN/51/2/4)
7. (288) Salajeungna kumaha? (LHR/39/3/3)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun hiji tindakan. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya (*bade, aya, rek*) naon.

4.3.7 Kalimah Pananya ‘sabab’

Dipaké pikeun nanyakeun sabab akibat tina hiji hal. Tina hasil analisis data kapanggih aya 33 kalimah pananya sabab (9,5%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (54) Cik, naon patalina? (DSTG/86/2/6)

2. (73) Éta dampal leungeun kéncana tilas diplester, kunaon?
(MIR/12/4/1)
3. (76) Eta sugan didinya nyaho naon sabab-sababna? (RDLK/64/5/1)
4. (90) Geus kapanggih naon nu ngalantarankeun kahuruan?
(MGGK/123/3/1)
5. (151) Kumaha mimitina nepikeun ka nabrak cadas? (RDLK/70/5/1)
6. (267) Pangna kitu? (KADBD/110/8/1)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun hiji sabab. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *keur naon, ku naon, naon, jeung lain*.

4.3.8 Kalimah Pananya ‘cara’

Dipaké pikeun nanyakeun cara ngahasilkeun hiji hal. Tina hasil analisis data kapanggih aya 19 kalimah pananya cara (5,4%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (21) Ayeuna pamaksadan ayi kumaha? (KADBD/112/3/1)
2. (86) Geus kitu kumaha? (RDLK/70/8/3)
3. (104) Janten kumaha atuh, Pa? (NMJMN/55/2/1)
4. (119) Kumaha waé sarat-saratna? (MIR/14/4/2)
5. (136) Kumaha atuh? (NMJMN/49/10/1)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun hiji cara. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *kumaha*.

4.3.9 Kalimah Pananya ‘asal’

Dipaké pikeun nanyakeun asal muasalna hiji hal. Tina hasil analisis data kapanggih aya 10 kalimah pananya cara (2,8%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (47) Ceuk saha? (NMJMN54/8/1)
2. (72) Dupi éta serat ti badan atanapi yayasan ti luar negri téa?
(RIA/139/5/2)
3. (298) Sugan kanyahoan timana daratangna? (RDLK/74/7/1)
4. (330) Ti saha? (NAD/96/2/1)
5. (340) Ti mana waé nu milu seminar? (RIA/135/4/1)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun asal muasalna hiji cara. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *ti saha, ti mana, jeung ti nu naon*.

4.3.10 Kalimah Pananya ‘Golongan’

Tuturan introgatif nu ngabogaan makna pragmatis golongan dipake pikeun nanyakeun hiji golongan, kawas golongan malaikat, manusa, sato atawa

tutuwuhan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 34 kalimah pananya (9,8%).

Ilaharna sok make tanda *naon*, *ceuk*, *kana naon*. Kawas kalimah ieu dihandap :

1. (45) Cik, saha wae pangeusi imah dokter Darmaji Eh?
(LHR/42/9/3)
2. (47) Ceuk saha? (NMJMN54/8/1)
3. (249) Na ceuk saha kitu? (MGGK/123/7/1)
4. (272) Saha atuh éta jalma téh sabenerna? (MIR/10/9/1)
5. (277) Saha penjaga kaamanan didideu? (ASBP/29/9/1)

4.3.11 Kalimah Pananya ‘Babandingan’

Kalimah pananya anu ngabogaan ma’na pragmatis babandingan dipaké pikeun nyakeun sasaruuan jeung bédana antara dua hal. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 kalimah pananya babandingan (0,2%). Kawas data dihandap :

1. (270) Rék néangan bebeneran atawa rék nyenangkeun haté batur?
(NMJMN/55/2/2)

Dina ieu panalungtikan ngan kapanggih sakalimah anu ngandung ma’na pragmatis babandingan.

4.3.12 Kalimah Pananya ‘Penilaian/meunteun’

Kalimah pananya anu ngabogaan ma’na pragmatis meunteun dipaké pikeun nanyakeun peunteun hiji benda, kajadian, atawa hal. Tina hasil analisis data

kapanggih aya 2 kalimah pananya penialaian/ meunteun (0,5%).Siga kalimah ieu di handap :

1. (167)Kumaha pami ibu atanapi pa kaptena ku anjeun nyangka nu lain-lain ka abdi? (KADBD/115/5/4)
2. (315) Saha nu pangalusna? (RIA/137/2/1)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun peunteun hiji benda, kajadian, atawa hal.

4.3.13 Kalimah Pananya ‘Hal’

Dipaké pikeun nanyakeun ngeunaan hiji hal atawa pasualan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 9 kalimah pananya hal (2,6%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (3) Aya naon atuh pa? (MIR/22/1/4)
2. (6) Aya naon? (ASBP/28/4/1)
3. (15) Ari marukan Idik naon? (NAD/96/5/2)
4. (18) Aya naon atuh? (KADBD/110/7/1)
5. (141)Kumaha, aya naon, Nyaan Pa Rusman cilaka? (RDLK/60/4/3)
6. (195) Naha, aya naon kitu pa? (MIR/20/8/3)
7. (201) Naon Bapa? (MIR/24/4/1)
8. (257) Naon atuh? (D/132/6/1)
9. (269) Rék naon deui? (NMJMN/51/2/4)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun hal hiji benda atawa kajadian. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *naon*.

4.3.14 Kalimah Pananya ‘jumlah’

Dipaké pikeun nanyakeun ngeunaan jumlah hiji barang, hal atawa pasualan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 8 kalimah pananya jumlah (2,3%). Pikeun contona bisa diilikan dina korpus data di handap.

1. (125) Ké sakedap nomer sabaraha sapatuna? (MIR/21/3/6)
2. (188) Mineus sabaraha? (NAD/99/4/7)
3. (256) Na sabaraha taun umurna Winarti? (D/132/5/2)
4. (274) Sabaraha ayeuna pangaosna? (MIR/14/2/5)
5. (281) Sabaraha urang wartawati anu di ulem? (ASBP/31/4/1)
6. (287) Sabaraha seueurna? (LHR/41/1/2)
7. (305) Sabaraha taun umurna? (NAD/97/8/4)
8. (343) Ukuran sabaraha dioptina? (NAD/99/4/1)

Tina conto data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh nanyakeun jumlah hiji barang atawa hal. Anu jadi cirina nya éta kecap pananya *sabaraha*.

4.4 Tahapan Pragmatis Kalimah Pananya

Tahapan pragmatis kalimah pananya nya éta rupa-rupa kalimah pananya disawang tina undak usuk basana nya éta lemes, sedeng jeung kasar.

4.4.1. Kalimah Pananya Lemes

Kalimah pananya lemes nya éta kalimah pananya anu kagolong kana kana ragam basa lemes biasana diébréhkeun ku kecap-kecap lemes. Tina hasil anallisis data kapanggih aya 100 (28,9%) kalimah pananya anu ngandung tahapan pragmatis kalimah pananya lemes, saperti kalimah ieu di handap :

1. (21) Ayeuna pamaksadan Ayi kumaha? (KADBD/112/3/1)
2. (28) Bapa aya maksad? (MIR/15/2/2)
3. (31) Bade angkat? (ASBP/36/5/3)
4. (59) Dupi Bapa ngawulang kénéh? (MIR/10/35)
5. (64) Dupi Letnan Angga kamana? (RDLK/66/6/3)
6. (69) Dupi Kapten Jubaedi masih kanuh kénéh bojo atanapi henteu ?
(KADBD/112/4/1)
7. (71) Dupi korban ? (MGGK/124/7/3)
8. (78) Eta margina numawi bapa ka abdi naroskeunjadwal acara pertandingan sareng pamondokan para altlit? (DSTG/86/7/1)
9. (84) Geuningan tiasa? (MIR/14/4/1)
10. (98) Ibu uninga ka sersan Jumadi? (KADBD/113/5/1)

Tina kalimah data di luhur diébréhkeun yén kalimah pananya téh kagolong kana ragam basa lemes. Upamana waé data (31) dicirian ku kecap lemes Badé angkat?. Cindekna, kalimah pananya lemes mangrupa kalimah pananya diwangun ku kecap-kecap lemes.

4.4.2. Kalimah Pananya Sedeng

Kalimah pananya sedeng nya éta kalimah pananya anu kagolong kana kana ragam basa sedeng biasana diébréhkeun ku kecap-kecap nu sedeng, lemes henteu kasar henteu. Tina hasil anallisis data kapanggih aya 177 (51,2%) kalimah pananya anu ngandung tahapan pragmatis kalimah pananya sedeng, saperti kalimah ieu di handap

1. (1) Aya nu tunggu di ditu? (MIR/9/5/4)
2. (3) Aya naon atuh Pa ? (MIR/22/1/4)
3. (13) Aya nu ngagejburkeun ? (NMJMN/54/6/1)
4. (17) Ari lalakon Burhan Garmana kumaha cenah barang indit nepika balik deui? (NAD/101/4/2)
5. (20) Aya jalma anu pantes di curiga ? (KADBD/111/2/5)
6. (77) Eta didinya meni bisa nerangkeun nepika tatih kitu? (RDLK/67/10/1)
7. (92) Geus lila hahadean jeung Winarti? (D/130/6/4)
8. (110) Jadi tacan bisa dicindekeun yén mayit nu aya di imah si A Hiauw téh manéhna? (MGGK/124/6/6)
9. (123) Kumaha lamun ayeuna urang ka Bank Pembangunan? (MIR/17/3/1)
10. (205) Naha ngan nepika lebah angen? (ASBP/33/1/2)

Tina kalimah data di luhur diébréhkeun yén kalimah pananya téh kagolong kana ragam basa sedeng. Upamana waé data (92) Geus lila hahadean jeung Winarti?. Cindekna, kalimah pananya sedeng mangrupa kalimah pananya diwangun ku kecap-kecap sedeng atawa ragam basa loma.

4.4.3. Kalimah Pananya Kasar

Kalimah pananya sedeng nya éta kalimah pananya anu kagolong kana kana ragam basa kasar biasana diébréhkeun ku kecap-kecap nu kasar. Tina hasil anallisis data kapanggih aya 69(19,9%) kalimah pananya anu ngandung tahapan pragmatis kalimah pananya kasar, saperti kalimah ieu di handap :

1. (4) Ayeuna tanggal sabaraha ? (MIR/23/1/9)
2. (10) Ari letnan pulisi lain ? (NMJMN/51/7/1)
3. (16) Atawa boga musuh ? (NAD/98/6/2)
4. (22) Ari mimiti kapanggihna kapten Jubaedi kumaha ? (KADBD/114/5/1)
5. (63) Dirampog oge cilaka kénéh lain ? (RDLK/62/4/2)
6. (213) Naon sababna, sangges dipaehan mayit tuluy dikeceburkeun? (NMJMN/52/3/5)
7. (232) Nyaho timana? (NAD/96/6/2)
8. (269) Rék naon deui? (NMJMN/51/2/4)

9. (282) Saha atuh diantara nu aya di bioskop “Ratu ”, nu geus maéhan Erlan Digjaya? (ASBP/32/3/4)
10. (283) Saha atuh anu geus maéhan Erlan Digjaya? (ASBP/33/7/2)

Tina kalimah data di luhur ébréh yén éta kalimah pananya téh kagolong kana ragam basa kasar. Upamana waé data (282) Saha atuh di antara nu aya di bioskop “Ratu ”, nu geus maéhan Erlan Digjaya?. Cindekna, kalimah pananya kasar mangrupa kalimah pananya lamun diwangun ku kecap-kecap kasar, saperti kecap *di antarana, geus, maéhan, jeung nyaho..*

